

Deklarasyon Kebèk sou tradiksyon literè ak tradiktè (Okt. 2015)

1. Tradiksyon literè se yon pasyon atis. Li ouvri je w sou lòt moun, li ba w anvi inivèsèl, li brase kilti soti tout kote. Se garanti lapè ak libète, potomitan kont enjistis, entolerans, babouket.
2. Tout kilti pa viv tradiksyon menm jan. Genyen ki chwazi tradui, gen lòt ki blije. Tradiksyon mache ansanm ak defans lang ak kilti.
3. Tradiktè respekte otè epi zèv otè kreye, men yo pa ret ap kopye sou tèks otè : se kreyatè total yo ye pou degi ak bourad yo bay tèks sa yo nan lòt kilti. Yo se mesajè ki pote pawòl moun, san yo pa pèdi pa yo. Defansè divèsite lengwistik ak divèsite kiltirèl, tradiktè yo pa p janm lage otè moun pa ko konnen, alewè pou gwoup ak estil yo met sou kote.
4. Yo fèt pou pwoteje dwa tradiktè. Kò gouvènman, medya, editè ki pibliye yo, anplwayè yo, fèt pou konsidere tradiktè yo, mete non yo devan, respekte estati ak bezwen yo, peye yo, ba yo mwayen pou yo travay nan diyite kit se sou papyè, kit se nan dijital, odyo ak videyo.
5. Fòk pwoteksyon fizik ak libète ekspresyon tradiktè yo garanti toutan.
6. Poutèt yo se otè kreyatif chaje ak konpetans ki tabli diferans yo, moun fèt pou respekte epi tcheke tradiktè yo pou nenpòt kesyon ki gen rapò ak travay yo. Mèt tradiksyon yo se moun ki fè yo a.

Trad. Frannz Goudè |Frantz Gourdet|, PFTT FLA-UEH